

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil jeung analisis data dina bab IV, aya tilu hal anu bisa dicindekeun patali jeung kecap barang dina rubrik “katumbiri” Majalah *Manglé*. Éta tilu hal téh nyaéta (1) wangun kecap barang jembar, (2) fungsi gramatikal kecap barang jembar, sarta (3) harti gramatikal kecap barang jembar.

- a. Kecap barang jembar nu kapanggih aya 323 kecap. Disawang tina wangunna, éta kecap barang jembar nyoko kana kecap barang rundayan, kecap barang rajékan, kecap barang kantétan, jeung kecap barang wacahan. Kecap barang rundayan kaasup kecap barang anu pangréana kapanggih (139 kecap) anu umumna diwangun ku rarangkén tukang –na. Ari anu pangsaeutikna kapanggih nyaéta kecap barang kantétan (25 kecap) nu umumna ku kecap barang kantétan sawarna nyaéta kecap barang (unsur1) ditambah kecap barang (unsur2), jeung sésana kecap barang rajékan (36 kecap) nu umumna kecap barang dwimurni jeung kecap barang wacahan (123 kecap) nu umumna diwangun ku kecap barang singketan ngantét, nyaéta KB+KB+KB.
- b. Disawang tina fungsi gramatikalna, kapanggih aya dua rupa fungsi gramatikal nyaéta fungsi gramatikal infléktif jeung fungsi gramatikal dérivatif. Fungsi gramatikal anu panglobana nyaéta fungsi gramatikal infléktif (209 kecap) nu umumna diwangun ku kecap rundayan, ari fungsi gramatikal dérivatif nyaéta fungsi gramatikal pansaeutikna (114 kecap) nu umumna diwangun ku kecap rundayan.
- c. Disawang tina harti gramatikalna kapanggih aya 22 rupa harti. Harti garamatikal anu panglobana nyaéta harti ‘nuduheun’ (67 kecap), anu pangsaeutikna kapanggih nyaéta kecap harti ‘nu dibéré D’, harti ‘nu ngalakukeun D’, harti ‘alat paranti nga-D’, harti ‘nu miboga sipat D’, harti ‘nu dianggap D’, jeung harti ‘nu aya dina D’ masing masing ngabogaan sakecap, jeung sésana aya harti ‘nu patali jeung D’ (29 kecap), harti ‘anu di D’ (opat kecap), harti ‘nu dipi-D’ (dua kecap), harti ‘nu jadi D’ (genep kecap), harti ‘nu di D keun’ (opat kecap), harti ‘hasil D’ (dua kecap), harti ‘tempat’ (tujuh kecap), harti ‘palaku D’ (dua kecap), harti ‘jalma nu D’ (dua kecap), harti

‘jama’ (27 kecap), harti ‘nu nunjukeun D loba’ (dua kecap), harti ‘jinis’ (opat kecap), harti ‘sabada’ (dua kecap), harti ‘ahli/tukang’ (dua kecap), jeung harti ‘jalma nu jadi D’ (dua kecap)

5.2 Implikasi

Hasil panalungtikan téh dimangpaatkeun dina widang analisis morfologis jeung pangajaran. Dina widang morfologi bisa ngeuyeuban analisis anu patali jeung kecap barang jembar dina kamekaran média citak kiwari. Salian ti éta, ieu panalungtikan bisa jadi ukuran dina ngeuyeuban data anu valid pikeun mikanyaho kaayaan atawa kecap-kecap anyar nu dipaké ku média citak Sunda.

Dina widang pangajaran, ieu panalungtikan bisa dijadikeun tatapakan bahan ajar basa waktu lumangsungna prosés diajar-ngajar boh dina wangun tinulis boh dina wangun lisan. Ari tujuanna sangkan kecap-kecap anu digunakeun bener nurutkeun kaédah basa tur dipikaharti ku nu séjénna.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana kacindekan di luhur, aya sababaraha rékoméndasi nu perlu ditepikeun patali jeung ieu panalungtikan.

- a. Ieu panalungtikan kakara ngaguar ngeunaan wangun, fungsi gramatikal jeung harti gramatikal dina salasahiji média citak anu eusina mangrupa informasi keur masarakat. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan dina média-média séjénna ngeunaan warna kecap. Sabab, média citak mangrupa salasahiji média digunakeun kenéh ku masarakat.
- b. Réa kecap-kecap anu nyampak dina média citak Sunda masih kénéh ngagunakeun struktur kecap basa Indonésia. Ku kituna, diperlukeun ayana *workshop* atawa pelatihan ngeunaan tata kecap basa Sunda anu bener hususna pikeun éditor-éditor média citak.
- c. Lembaga-lembaga basa nu aya terus ngumpulkeun data kecap-kecap anyar anu réa muncul dina média citak Sunda, pikeun jadi pangdeudeul dina ngeuyeuban kamus basa Sunda kahareupna.